



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI AN TE OFRI ASISTANS FEDERAL POU REZIDAN AK BIZNIS YO NAN LWÈS NEW YORK KI KOUTE PASE 15 MILYON DOLA NAN LWÈS NEW YORK KE TANPÈT NÈJ FEN MWA DESANM LAN TE AFEKTE

Yo mete disponib prè ak enterè ki ba pou plis pase 500 pwopriyetè kay ak biznis ki te afekte nan tanpèt ivènal Elliott nan Konte Erie, Cattaraugus, Chautauqua, Genesee, Niagara ak Wyoming

Total 15.8 milyon dola nan asistans federal ki baze sou Deklarasyon prezidansyèl sou gwo katastwòf pa Gouvènè Hochul pou Ede Nouyòkè yo ki afekte pa tanpèt devastatè

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an te bay plis pase 15 milyon dola nan prè nan enterè ki ba pou Nouyòkè yo ki te afekte pa Tanpèt Ivènal Elliott an desanm 2022. Pwopriyetè kay ak biznis ki elijib nan konte Erie, Cattaraugus, Chautauqua, Genesee, Niagara ak Wyoming yo te kapab aplike pou asistans federal sou fòm prè SBA apre tanpèt la te devasté pifò rejyon Lwès New York la ak kondisyon tanpèt nèt soutni, gwo van, ak gwo van frèt. Prè enterè ki ba gen ladan 13.5 milyon dola pou rezidan yo, prèske 2 milyon dola pou biznis yo, ak plis pase 700,000 dola nan Prè pou Katastwòf Ekonomik ki ede yon total 531 biznis ak kay.

"Nouyòkè lwès yo se kèk nan moun ki pi rezistan mwen konnen, men tanpèt sa a te devasté selon tout definisyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mèsi Prezidan Biden ak Administrasyon Ti Biznis lan paske yo te ofri asistans sa a ki nesèsè anpil pou ede Nouyòkè yo retounen sou pye yo, rekonstwi ak rekipere yo apre tanpèt istorik sa a."

Aprè ijans yo oswa katastwòf ki gen rapò move tan yo, yo souvan mete prè SBA yo disponib pou lè mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun bezwen sipò finansye. Apre Tanpèt Ivènal Elliott la an desanm 2022, pèsònèl ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la ak Konte Erie te reyalize yon evalyasyon konplè sou domaj ki lye ak tanpèt sa a, ki te debloke asistans SBA. DHSES te travay avèk Konte Erie ak SBA pou ouvri de lokal fizik pou Sant Pwoteksyon Prè pou Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) pou ede Nouyòkè yo aplike an pèsòn pou asistans.

Gwoup ki elijib pou prè pou katastwòf ak enterè ki ba yo enkli:

- Mèt Kay yo: jiska 200,000 dola pou repare rezidans prensipal yo
- Mèt Kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete pèsonèl ki andomaje ouben kraze
- Pwopriyete Biznis yo: jiska 2,000,000 dola pou ranplase pwopriyete imobilye, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2,000,000 dola pou bay fon woulman ki nesèsè jiskaske operasyon nòmàl yo rekòmanse apre yon katastwòf

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Desanm pase a, Lwès New York te oblije andire yon tanpèt nèj istorik ki te devaste kominote yo atravè rejyon an. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul ak patnè federal nou yo, Nouyòkè yo te kapab jwenn aksè nan prèske 16 milyon dola nan prè nan enterè ki ba ki te jwe yon wòl esansyèl nan ede rezidan yo ak biznis yo retabli."

Senatè Chuck E. Schumer te deklare, "Tanpèt Ivènal Elliott se te yon tanpèt inik, ki te pote kondisyon ki trè danjere, gwo domaj nan enfrastrikti, ak pann kouran an mas nan Buffalo ak nan kominote atravè New York yo. Se poutèt sa mwen te goumen san kanpe pou asire demann deklarasyon ijans New York te apwouve pa Prezidan Biden pou pote asistans federal ki nesèsè an ijans nan eta a, epi se poutèt sa mwen fyè dèske Administrasyon Ti Biznis Etazini an te bay New York plis pase 15 milyon dola nan prè nan enterè ki ba pou Ti biznis ak rezidan ki rezide nan New York yo ki te afekte pa tanpèt la. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pran pou bay rejyon lwès New York ak kominote atravè eta a ki te frape pa tanpèt ivènal Elliott la soulajman yo bezwen, epi mwen pral kontinye goumen pou asire ke tout Nouyòkè ki afekte pa tanpèt trajik sa a gen resous yo bezwen pou rekonstwi ak rekipere."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Tanpèt ivè Elliott se te yon tanpèt nèj devastè ki te afekte plizyè milye moun atravè Lwès New York. Apre defans nou nan administrasyon Biden lan, mwen fyè dèske Administrasyon Ti Biznis lan te bay plis pase 15 milyon dola nan finansman federal pou ede rezidan yo ak biznis yo nan Lwès New York rekonstwi. Mwen pral kontinye goumen pou kominote ki afekte nan tanpèt la pou asire yo resevwa finansman ak resous yo bezwen pou rekonstwi ak rekipere."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Tanpèt nèj Elliott te devaste fanmi, kay, ak biznis yo atravè kominote Lwès New York la. Evalyasyon domaj yo ak efò rekiperasyon yo te pran plizyè semèn ak mwa, epi jodi a kominote nou an kontinye ap pran lapenn pou lavi yo te pèdi pandan tanpèt inik sa a. Sipò Administrasyon Ti Biznis Ameriken an te bati sou fon sekou FEMA bay pou katastwòf yo, sa ki te pèmèt Nouyòkè Lwès yo ki gen plis bezwen jwenn aksè ak resous finansye ki nesèsè pou abòde domaj tanpèt la ki afekte kay yo ak fason yo viv. Gras a efò federal lokalize sa yo, kominote nou an te kapab konsantre sou rekonstriksyon, rekiperasyon, ak gerizon ansanm."

Reprezantan Nick Langworthy te deklare, Tanpèt Ivènal Elliott te gen konsekans mòtèl ak devastatè pou Lwès New York - Mwen fyè pou m travay avèk otorite federal ak otorite eta a pou asire kominote ki pi frape yo gen resous yo bezwen pou yo refè ak pwospere. Finansman sa a se yon kontinyasyon angajman enkondisyonèl nou pou asire fanmi yo ak ti biznis yo sòti anba tanpèt sa a ki rive yon fwa nan yon syèk pi fò pase anvan."

Direktè Administrasyon Ti Biznis Etazini pou Operasyon sou Teren, East Kem Fleming, te deklare, "Yo ankouraje ti biznis ki te sibi pèt ekonomik akòz katastwòf la epi ki vle aplike pou prè nan enterè ki ba ki soti nan men SBA pou yo fè sa anvan dat limit 27 novanm lan.

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Plis pase 500 pwopriyetè kay ak biznis te resevwa asistans finansyè ki te nesesè anpil nan men Administrasyon Ti Biznis lan apre Tanpèt Nèj Nwèl destriktif ak mòtèl I, ke Prezidan Biden te deklare yon Gwo Dezaz. Mwen remèsye li paske li fè deklarasyon sa a epi li pèmèt finansman sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou defans li nan fè sa reyalye."

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Tanpèt Nèj istorik desanm lan te gen gwo enpak ekonomik sou kominote nou an. Pandan n ap kontinye rekipere epi planifye sezon ivènal k ap vini an, li enpòtan pou kominote nou an resevwa resous ki nesesè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li travay ak Administrasyon Biden pou pote soulajman nan biznis ki pi bezwen li yo."

Pwogram prè SBA a baze sou asistans federal ki te deja apwouve atravè yon Deklarasyon Gwo Katastwòf, ki [te anonse pa](#) Gouvènè Hochul nan mwa mas, pou bay asistans federal bay kominote ki te afekte pa tanpèt ivè fen desanm lan.

Dapre Deklarasyon an, Konte Erie, Genesee, Niagara, St. Lawrence ak Suffolk te elijib pou Pwogram Asistans Piblik federal la, ki bay finansman pou sipòte restorasyon enfrastruktir piblik yo. Deklarasyon an te debloke tou ranbousman federal pou operasyon retire nèj nan konte Erie ak Niagara epi, nan kad pwogram Asistans Endividyèl FEMA a, asistans finèrè pou moun ki afekte nan konte Erie ak Niagara kote 47 Nouyòkè te pèdi lavi yo yon fason trajik.

Biwo Rekipasyon apre Katastwòf DHSES lan te travay dirèkteman ak kòlèg yo nan FEMA ak gouvènman lokal ki afekte yo pou evalye domaj katastwòf la te lakòz ak depans ki gen rapò pou jwenn yon Deklarasyon Gwo Katastwòf.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou [Facebook](#), sou [Twitter](#) oswa vizite dhSES.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418